Сэлэнгэ

Берийн журнал

№ 7,2018

Сейлмуханов Муса

Аьхке



Дийнахь сарралц лаьтта
зІаьнарш Іеношш,
Іалам дохдеш, малхо йовхо ло.
Де мел дели, хазлуш догІу деношш,
Хишлахь ловзуш денна бераш го.
Чухчар хино хьийзош дохку некъаш,
Датон цинцаш тархех деттало.
Генахь хезча хІуттут зевне екаш,–
Жимчохь дуьйна хенаш ягарйо.
Сенчу арахь лаьтта тесна кузаш,
Мелчу мохо, ловзош, техкадо.
Наггахь Іаржлой, стиглахь мархаш хьийза,
Лаьмнийн баххьаш ткъесо чехадо.
Татол хьоду хоршахь тулгІеш етташ,
ТІеттІа чІагІлуш, тІулгаш керчадо.
Генадаьлча Іаршехь «тарраш»деттар,
Юьрта тІехула стелаІад а го.

ХІора хан а йогІу, Іалам хаздеш,
Лар а юьтуш, рогІехь хийцало.
Дуьне, дахар вайна тІетта марздеш,
Гуонаш туьйсу хенан цхьамзано.

Седарчийн шабар–шибарш

Абдулаев Лема

–Хьо сахиллалц хIун деш вара?
–Чухча-Хьерахь хадеш вара.
–Чухча-Хьархо хIун деш вара?
– И ло охьуш гора гIурах,
Мехийн галеш дузуш гора.
Iай и галеш этIадеш,
Ло даийта кечамбеш,
Вара и, схьахетарехь.
–ХIун деш вара марсахо?
–Ча-Такхийна Тача дуьтуш,
Вахна бахар бац-кха пуьташ.
Беттан юьххьехь марс а го,
Битахь и цо биллинчохь.
– ХIун деш вара илланча?

– Гаур-яI, и хIилланча!
Дузуш вара аьшпийн лежиг.
Тоьгуш вара чилланца.
Дашца Iехош хьеший бина,
Цуьнца Iара:
Туьппалиг а,
Цуьнан-нана Чуьппалиг а,
Когаш боцчо эккхийнарг а,
Куьйгаш доццчо лаьцнариг а.
ГIалдий,
Булдий.
Ка а, бож а
Царна уллехь
Ча а, борз а.

Салцаева (Джакаева) Мадинат

Дагардийцар

ДоттагI! Сайн дахаран некъ буьйцур бу аса хьоьга, ткъа ахь жамI де цуьнан. Дахар…

ХIора а стеган дахар, бес-бесарчу басаршца диллина сурт санна, къорза ду. Басарш беса долуш сурт хеталахь а, цхьадерг чIогIа самукъане, бIаьрг белош хуьлу. Ткъа цхьадолу сурт, мел чIогIа исбаьхьчу басаршца кхелина делахь а, даг чохь сингаттам латтош хуьлу. Сан дахаран сурт муьлхачу басаршца билгалдийр дара те ахь?

Шеран уггар а суна еза хан бIаьстенан апрель бутт а, юьззина аьхке а ю. Апрель беттан хазалла йийцина а вер вац. Хаза хуьлу соьналлех йоьттина йолу аренаш, дитташ, цхьа шатайпанчу хазаллехь схьаделладала гIерташ, дерстина датIа гIертачу патарех дузий, хаза йоI санна, исбаьхьчу куцехь, коча качлой лаьтташ хуьлу. Бацалахь хьалакъеда бес-бесара зезагаш, бецаш. Ца Iебаш, накха бузош чуийзадо мерза, цIена хIаваъ. Говза, хаза, деза кхоьллина Дала хIара дуьне.

Цхьайтта шо а кхаьчна, шийтталгIа шо доладелла яра со. Ишколера аьхкенна цIа хецна хан яра. Со кхуьуш йогIучу хенахь тхан эвлахь Iаш-бехаш дукха оьрсий бара. Цхьана сарахь тхан лулахо Тёть Маша еара сан нана йолчу. Дикка къамелаш деш, чай молуш Iийна иза дIаяхара. Нанас соьга хаьттира:

– Тёть Машица балха яха реза юй хьо? Вайна, эца а ца езаш, хи чу йолла помидор, наьрс хир яра. Ас ойла ца еш:

– ГIур ю,–аьлла, жоп делира.

Тёть Маша, дика лулахо яра. Цунна гIеххьа вайн гIиллакхаш, Iадаташ девзара. Сан нанна хаьара цо со ледара юьтур йоцийла. Цуьнан гIоьнча хилла, жима елахь а, хIора дийнахь, тIаьхьа а ца юьсуш, балха эха йолаелира со.

Со, жима хиларе терра, чIогIа каде яра. ГIелъялар хIун ду ца хаьара. МогIанаш юккъехула ида а уьдуш, ведаршца аракхоьхьура ас лахьийна наьрсаш. МогIанаш деха дара. Церан йохалла дезткъа метр яра. Цул совнаха, и могIанаш чекхдовлучохь, дуьхьал беха могIа хилла лаьтташ, хьун яра. Геннара хьаьжча, нийсса цхьа могIа болуш санна хеталора, амма, цунна чуваьлча, лекха а, гIеххьа юькъа а йолуш, йоккха хьуьнан аса яра иза. Сан Iаламах чIогIа самукъадолура.

Хьуьнан къайленаш йовза гIерташ санна, хьем бора ас со цу чу хьостанан хи дан яхча. Тхаьш садаIа охьа мосазза ховшу цу чу йоьдура со. Дийначу адамийн санна дахар долуш хеталора иза. Лаьттара хьаладолуш цIена хьоста дара. ОьгIазе, дегабааме тIаьхьало йолуш дацара иза. Мел чIогIа ша кегийча, бехдича, сихха, ша ма-хиллара цIена, синтеме, алу моз санна, чекх са а гуш дIахIуттура иза. Ас чIогIа тамаш бора цунах. Адамийн амалех тера хетара суна цуьнан амал. Цхьаволу стаг хуьлу-кха, шега муьлхха забар йича а оьгIазе воцуш, шен дагара ца хоуьйтуш, веларца хIума дерзош. Иштта дара и хьоста а.

Лохочу коьллийн бурсаш лехьош, хIаваах ца Iебаш лелара со. Цхьа шатайпа хьожа хуьлура хьуьна юккъерчу хIаваан. Латта тIуьна а долуш хуьлура. Бовхачу малхехь яьллина цу тIуналле яьлча, лаьтта охьа а юьжий, ца Iебаш, Iуьллура. Iуьллучуьра дитташ юккъехула хьалахьаьжча, бIаьргаш чу хьоьжуш маьлхан зIаьнарш хуьлура. Малхо: «Сох дIалечкъина къайлаяьлла-кх хьо, амма со хьо йол-йолчохь хьоьца хир бу», – бохуш санна хеталора. Маьлхан зIаьнарш, шерачу арахь дегI дагош, къеггина кхетта хиларх, хьуьн чохь иштта чIогIа ницкъ болуш ца хуьлура. Со Iаламо хьоьстуш, цуьнан цхьа боккха къинхетам сайца болуш санна хеталора. КIадъялар дIа а долий, хIаваэхь хьийза полла санна дайлора сан дегI.

Сан белхан раж баккхийчаьрца нийсса яра. Iуьйранна бежнаш дежийлашка дIа а лаьххкина, сайн ведар кечдой, кхалла хIума а оьций, бархIалгIачух ах долуш со балха яха кечлора. Делкъахан хиллалц ас наьрсаш гулйора, ткъа делкъе йинчул тIаьхьа, уьш яьшканаш чу нисъеш, болх бора. Сарахь пхиъ даьлча, болх чекхболура. Цхьана кепара йолу наьрсаш сайна юьстах йохкура. Цхьа ведар дуьззина наьрсаш яхьаш цIа йогIура со. Йиъ банка юза наьрсаш йовлура цхьана ведарх. ЧIогIа самукъадолий, тамаш беш, йоккхаеш хуьлура сох сан нана.

Нийсса цхьа бутт хан дIаелира сох колхозан белхало хилла. Тёть Машас шеца конторе йигира со. Цига дIакхаьчча, цхьана жимачу корана хьалха дIа а хIоттийна, кехат тIе куьг язде, элира. Дуьйцучух ца кхеташ, со латта йисира. ТIаккха Теть Машас соьга элира: – Сайдат, хьажал, хьо дика белхало санна билгалъяьлла. Хьуна беттан алапа яздина. ХIинца сол хьалха а ялий, хIокху кехат тIе куьг а яздай, хьайн ахча схьаэца. Иза хьан хьакъ ду.

Суна эхьхетара, амма кийрара дог, хазахеташ, схьаэккха доллура. Суна моьттура, со цхьа йоккха хьаькам ю, сайга цхьа доккха дарж кхаьчна, айса куьг яздеш. Шийтта сом ахча дара дуьххьарлера, ас

хьанала къахьегна сан белхан алапа. ХIетте а дог ца тешара. Моьттура, сайца, со жима йолу дера, цхьамма бегаш бина. ХIинц-хIинца сайга иза схьадан олу. Кисана дилла ца хIуттура. ТIаккха Тёть Машас:

Молодец! Вот видишь, уже на школу себе заработала,–аьлла, хьарчийна сан кисана диллира ахча.

Барам боцуш ирсе яра со, айса и ахча сайн нене дIалуш. Иштта со балха лелаш дIаелира сан аьхкенан хан. Берашца хи тIе лийча яха, сарахь урамехь ловза а лаьара, амма сан йиш ца хуьлура. Дийнахь балхахь хуьлура, ткъа сарахь ловза араяьлла дукха хан ялале нанас: «Тоьар дац, садаIар гIоле ма дара,» – аьлча, со чуйоьдий дIаюьжура. Нанас олуш дерг массо а хIуманал деза а, лакхара а дара.

Аьхке чекхйолура. ТIекхочура гуьйре. Дешаран хан йолалора. ТIеюхучу бедаршца ледара дара. Аьхка санна цхьана кучах тоам бойла дацара. Гуьйре ма ю тамашийна, цхьа шатайпа амал а, дог-ойла а йолуш шеран зама. Цхьа де делалой, маьлхан зIаьнаршца хьан са а, дегI а дохдеш догIу, ткъа цхьадолу денош хаддаза догIанаш оьхуш, хатт болий, шелоно дегI чехош, оьгIазе хуьлу. БархI доьзалхочунна тIедоха, когадоха гIеххьа таро езара, амма тхан и таро а яцара. Сан да, со хаъал хилчхьана «заработкехь» вара. Сан ваша цу хенахь армехь ву. Тхо ворхI йоI лелор, кхиор, кхабар, Iалашъяр а тхан нанна тIехь дара. Оха иза цхьалха ца юьтура. ХIораммо а гIо дора нанна. ХIораннан шен-шен гIуллакх дара. Цхьана йишас хIумнаш юьттуш, иту хьокхуш долу гIуллакх тIелаьцнера, вукхуьнан кхача кечбарехь, кхоалгIачун нуй-горгам дарехь, ткъа со даиманна даьхни Iалашдеш яра. «Шайна мел хала делахь а, етт-уьстагI ца лелош ма Iе,– олура сан нанас.

– УьстагI кхерчан беркат ду. Кхин лело меттиг бацахь, бедан тIе баккхий лелабе, аьлла ду вайн дайша. Цо кертара къелла дIаэккхайо. Къелле олу уьстагIо: «Со сайна а бижа меттиг болуш бац, дIаяла, къелла кху кертара ара». Кара кад лаьцна морза-шура йоьхуш лелар эхь ду зудчунна…» И тайпа хьехамаш бора тхуна нанас. Суна-м тахана а беркатах юьззина хета даьхни, зIакардаьхни долу керт.

Таро цахилар хир дара я нахаца, дац бохуш ца лела, яхь хилар хир дара. Тхо массо а дийнахь ишколера мукъадолчу хенахь балхахь хуьлура. Цхьадолчу деношкахь беша доьлхура Iежаш лахьо, вукху деношкахь кха тIе помидораш лахьо доьлхура. Iаьнан хенахь колхозехь хьаьжкIаш тилош болх бора. И болх, сарахь ялх даьлча, болалора, буьйсанна цхьайтта-шийтта даллалц лаьттара. Карахь баа хьокхам, нехчий хилча а тоам хуьлура. ХIан-хIа, иза дацара юучуьнца гIело ю

бохург, кхача даиманна хьаша веъча санна хаза а, мерза а хуьлура. ХIетте а, арахь юуш ерг, хIуъу елахь а, ма мерза хуьлура…

Ткъа дешар, урокаш яр… И дан а дацара?

Дара. Гуттар лерина а, чIогIа а дара. Цакхиарна а кхоьруш, доьшура. Буьйсанна итт-цхьайтта сахьт даьлла балхара чудаьххкича урокаш йора. Чохь готта дара. Урокаш ма-хетта ян аьтто бацара. Вуьжуш верг дIавижча, стогар лато йиш йоцуш, тIе йовха хIумнаш юхий, арахь кхочуш йора урокаш. Iуьйрре гIоттий а Iамайора цIахь елла байт елахь а, дийцар делахь а. Жималлехь гIелвалар, кIадвалар хIун ду ца хаьара. Мел дукха къахьегарх, дIавижна самаваьлча, дегI ша ма-дарра меттахIоьттина хуьлура.

Сайна сайн йоккхачу йишех йисина коч-мача кхаьчча, со дуьненан да ю моьттура суна. Даг чу куралла юссура. Качлой, сетта дог догIуш хуьлура. Наггахь, кога йоха мача йоцуш, калош юхий йоьдура ишколе.

ДагадогIу, цхьана дийнахь калош йоьхна со ишколе яхар. Тхан дуккха а хьехархой оьрсий бара. Валентина Константиновна цIе йолуш оьрсийн меттан хьехархо яра тхан. ХIора кIиранах ишколан учи чохь дежурни хуьлура цхьацца класс. И рагI тхан классе кхаьчнера. Учи юккъехула дIахIуьттура цхьаболу дешархой, ткъа вуьйш кораш лардеш хуьлура. Со а хIоьтти кор долчу.

Сан дагахь хIилла дара: учи юккъе хIоьттича, сан ший а кало гур ю, коре хIоьттича, ас цхьа ког тIехьашхула пенаца хьалабахийтина дIахIоттор бу, тIаккха сан цхьа кало бен гур яц. Суна моьттург ца хилира. Лаьтташ со а ю, йогIуш Валентина Константиновна а ю. Соьца ша нисъелча, сан коге а хьаьжна, цо элира:

–А что, у Межидовой нет денег, чтобы купить обувь? Соберем всей школой и купим.

Цо гIеххьа аз айдина элира иза. Со юьхьIаьржахIоттош яра те? Я со юьхьIаьржахIоттарх бен цахетар дара те? Ца хаьа, цуьнан ойла яр сан ца хилира. Со сихха дIасхьахьаьжира. Аьлча тешар вац хьо, доттагI, цхьа а бер соьга хьожуш дацара. Шайн дагара ца хаийтира цхьаммо а. Ас тахана а чIогIа тамаш бо, ойла а йо, хезна а, гина а хиллий те цхьанна. Дагна лан хала хир дара бераша, цуьнан дешнийн терго а йина, со беламе яьккхинехь. Цара со чIогIа

дара. Осала хилар ца магадора. Цхьаболу цуьнан хьехамаш бало лаьа суна.

Бер кхиорх ца тоьа, иза динчу дийнахь дуьйна кхетош-кхио дезаш ду: нийса доладала, оьзда дистхила, охьахаа, хIума яа, деладала, воккханиг лара, жимчуьнца къинхетаме хила а. Стагехь коьртаниг тешаме, собаре, оьзда, комаьрша хилар ду.

Осала волчу стагна а хир дац лелочух беркат. Ша-шена тIехь болх бан беза, амал нисъеш. Муьлхха а хьан дегIан меже, караIамош долу дийнат санна Iамалуш ю. Мотт–ахь оьзда, гIиллакхе, эсала лебахь; бIаьрг–хьажо ца безачу ца хьажабахь; лерг–гIуллакх доцчуьнга ла ца догIийтахь; куьг-кховдо ца дезачу ца кховдахь; ког-баккха ца безачу метте ца баккхахь, оцу нийсачу бакъонийн хоршахь дуьсур ду дерриге а. Уьш дерриге лело а, лардан а хала хIуманаш ду, делахь а нахалахь сийлахь хир ву, Далла гергахь веза хир ву. Цхьана дийнахь карош хIуманаш а ду уьш.

Иштта дIаоьхура сан бераллин шераш. Итт класс чекхъяьккхича, кхин дIа деша яха лиира суна. Ишколах тоам бина Iойла дацара. Тхан юьртахь яра дика бух болуш юристийн, бухгалтерийн, экономистийн техникум. Суна хьехархойн институте яха лаьара. Иза гIалахь яра, ткъа иштта гена со ялийта дада реза вацара. Дадин дош дохош дацара. Цуьнан лаам эчиг санна чIогIа бара. Цу шарахь дадас аьлларг дина со бухгалтеран дешар Iамо яхара. Чекхделира и дешар. Схьаийцира диплом. ТIекхечира рогIера аьхке. ГIалахь хьехархойн институтехь

лерина хиллера.

Шайгахь жималлехь дуьйна кхуьуш болу къинхетам бара цара сох бинарг.

Суна эхьхийтирий те? Со юьхьIаьржа хIоьттирий те? ХIан-хIа, эхь дацара я юьхьIаьржо а яцара иза. Иза сан йоцу таро яра. ХIетте а цуьнан энжеде дешнаша сан дегIах шело чекхъяьккхира. Ас нене хIумма а дIа ца дийцира. Иза дацара нана дов къасто гIур ю бохург. ГIур яцара я цкъа а цо дов къастийна меттиг а бацара. Иштта а тхоьца хала тасаелла йоллучу ненан дагна вас ян йиш яцара. Ненан дагна хуьлу ницкъ ас ловр бацара. Денош мел хала хиларх, таро ледара хиларх а, цу хенахь цхьа а хало хаалуш яцара. Стеннах а самукъадолура, долчух тоам а бора.

Суьйре тIееана тхаьш массо цхьаьна схьагулделча, йижарий, нана – и бара тхан кхача, тхан бахам, дуьне делча а лун йоцу тхан таро. Массо а хIуманал хьоме, деза ду шен доьзалехь бертахь, мерза Iар. Дахарехь мел дукха хан яккхарх, цкъа а кхачалур доцуш пайдехь хIумнаш дуьйцура тхуна нанас. Цо Iамадора ламаз, марха, гIиллакх, гIуллакх. Уггар а цунна стеган амалехь мехала хетарг собар, оьздангалла

кехаташ чуло хан яра йоьдуш. Оьшуш долу кехаташ кечдина со яьлча, ас сайн дега со йоккхахйолчу йишина кир-басар деш гIо дан йоьду элира. Иза бакъ дацара. Со къайлаха кехаташ чудала кечъелла яра. Суна хаьара харцдерг дийцар магийна доцийла, дас бохучунна тIера яла йиш йоцийла, хIетте а дешаран лаам сан чIогIа бара. И чIогIа хиларан сан аьтто а хилира. Нохчийн пачхьалкхийн университетан студент хилира сох. Со дIахIоьттина цIа еъча, ас дадига дIадийцира айса динарг, харцонца со деша яхарна къинтIеравалар дийхира. ДоттагI, къобалдирий хаьий хьуна дадас сан дешар. Ма ирсе яра со. Харцдерг дийцинехь а, нийсачу новкъа яьлла йогIуш со хиларна, сан аьтто хилира. Университетера со дешна яьлча, со сайн юьртахь нохчийн меттан хьехархо хилла схьайогIу дика хан ю. Суна чIогIа беза сайн ненан нохчийн мотт. Цу маттахь хьистина со сан нанас, цу маттахь дина суна цо хьехарш. И кхетам а луш, Iамо гIерта со дешархой – оьзда, собаре, гIиллакхе, яхь йолуш хила. Вовшашца къинхетаме хила. Нохчийн маттахь бен буьззина кхетам ца балало соьга берашна.

Сайгара вон дош ца далийта, берийн дагна чов ца ян суна доккха масал хилла лерехь лаьтташ Валентина Константиновни дешнаш ду, цкъа мацах цо соьга аьлла долу. «Шена тIаьхьа цхьа дика доцуш цхьа а вон ца хуьлу», – олуш, кица ду. Боккха пайда хилла суна цуьнан дешнех, цара соьгахь адамалла чIагIйира, бовзийтира кхаьхьчу дешан чам. Со тийшира «Дешан чов йирзина яц, туьран чов йирзина», бохучух. Цундела, шен мотт вочу дешнашна йоцца дирста тесна латто беза, хецна бита беза эсала, къинхетаме, оьзда декачу дешнашна.

Дахаран некъ хала бу аьлла, вочу некъа тIе а яьлла, телхина со хиллехь, иштта хьоьца дагар дийцалур дацара соьга, доттагI. Мел хала хиллехь а, суо ирсе хеташ яьккхина ас и хан. Со тахана дуккха хIумнаш тIехь мукъа ю, сайнчул таро а ю, сайн коьртан да а ю. Собаро лам баьккхина, иза а бакъ хилар чIагIдо ас. Варийлахь, доттагI, мел яккхий халонаш хьайна тIехIиттарх, царах кхера ма лолахь, хьайна Дала еллачу дахаран оьмарехь харц некъ ма харжалахь.

ХIинца алал, сан дахаран сурт муьлхачу басаршца яздийр дара ахь, доттагI?

Хьайн дахаран вуьззина да хьо-хьуо ву хьуна. Ахь-айхьа дилларе терра хир ду хьуна хьан дахаран сурт.

ХIинца цу хьокъехь паргIат ойлаярехь бакъо хьоьгахь ю.

Аьрзунан, цхьогалан доттагIаллаа

Халкъан туьйра

Цкъа цхьана хенахь аьрзу а, цхьогал а хилла ши доттагI. Шиммо а кIорнеш а даьхна, аьрзуно, стигала долий, стигалахь лохуш, цхьогало лаьтта тIехула йорт етташ, лаьттахь лохуш, оцу кIорнешна ижу лаха ара а долуш, дехаш хилла и шиъ.

Цкъа, цхьана дийнахь, гуттар а санна, арадаьлла хIара шиъ ижу лаха. Аьрзу, тIомадаьлла, стигалхула дIадахна, цхьогал, ша ижу лаха цунна тIаьххе дIадогIу а моттийтина, аьрзу гена даллалц коьллашлахь лечкъаш а Iийна, юхадирзина, кIорнеш йолчу деана. Аьрзун цхьа кIорни а диина, иза цIадогIучу хенахь дуьхьал а даьлла, делха хиина цхьогал. Ижу лаха дIадаханчуьра догIу аьрзу цIакхаьчна. Доьлхуш хиина Iаш долу цхьогал а гина, тIома цунна юххе охьадоьссина, аьрзуно аьлла цхьогале:

– Хьуна хIун хилла? Хьо стенна доьлху, цхьогал?

– Боккха бала боьссина вайшинга: цхьа кIорни доцуш ду вайшиннан, – аьлла, жоп

делла цхьогало.

– Хьайниг дац, я сайниг дац? – аьлла, хаьттина аьрзуно.

– Хьан-сан-м вайшиннан хIун дара, – лаг деханиг дац-кха, – жоп делла цхьогало.

– ХIун дер тIаккха, – аьрзуно а аьлла, шайн-шайн чудирзина ши доттагI.

ШолгIачу дийнахь а аьрзу ижу лаха арадолуш, цуьнца ара а даьлла, ша лаьтта тIехула тIаьхьадогIу а моттийтина, аьрзу стигалахь бIаьргана къайладаллалц коьллашлахь лечкъина а Iийна, иза къайладаьлча, юхадирзина, кIорнеш долчу деана цхьогал. Аьрзун кхин цхьа кIорни а диина, иза цIадогIучу хенахь дуьхьал а даьлла, доьлхуш Iаш хилла цхьогал юха а.

Ижу лаха даханчуьра деана цIакхаьчна аьрзу. Къаьхьа доьлхуш Iачу цхьогале хаьттина цо: «Хьуна хIун хилла, цхьогал? Хьо стенна доьлху?» – аьлла.

– Боккха бала беана вайшинна тахана а, – жоп делла цхьогало. – Тахана а цхьа кIорни доцуш ду вайшиннан.

– Хьайниг дац, я сайниг дац? – хаьттина аьрзуно цхьогале шозлагIа а.

– Хьан-сан-м вайшиннан хIун дара, – лаг деханиг дац-кх, – жоп делла цхьогало.

ШозлагIа а: «ХIун дер тIаккха, Iожалла сацалур яц-кх», – аьрзуно а аьлла, шайн-шайн чудирзина ши доттагI.

КхоалгIачу дийнахь а аьрзу ижу лаха арадолуш, цуьнца арадаьлла, ша лаьтта тIехула цунна тIаьхьа доьду а моттийтина, стиглахь аьрзу къайладаллалц, коьллашлахь лечкъаш а Iийна, иза къайладаьлча, юхадирзина, кхин цхьа кIорни а диъна цхьогало. Иза тIаьххьара кIорни хилла аьрзун. И тIаьххьара кIорни а диъна, аьрзу тIома цIадоьрзу долчу хенахь цунна дуьхьал дахана, делха охьахиъна цхьогал. Деана доьлхуш долчу цхьогална тIекхаьчна аьрзу. Хаьттина:

– Хьо ма къаьхьа доьлху, хьуна хIун хилла, цхьогал?

– Боккха бала боьссина вайшинна тахана а: кхин цхьа кlорни а доцуш ду вайшиннан, дистхилла цхьогал.

– Хьайниг дац, я сайниг дац?

– Хьан-сан-м вайшиннан хlун дара, лаг деханиг дац-кх,–жоп делла цхьогало.

Цхьогале дист а ца хуьлуш, шен бена чу дахана аьрзу.

И гlуллакх хиллачул тlаьхьа дукха хан зама ялале аьрзуно цхьогале аьлла:

– Далохьа, цхьогал, ворхlе а стигалан lаьршашкахула тlам тохий, сакъерий дола вайша?

– Со муха догlур ду хьоьца цига: тlемаш ма дац сан хьоьца тlомадала? – дуьхьало йина цхьогало.

– Схьадола, сан букъа тlе хаа, ас доккхур ду хьо стигалан lаьршашка-м! Сакъийрина доьрзур вайша, – цхьогална тlехаа букъ кlел хlоттийна аьрзуно, ши тlам баржош. Дахана аьрзун букъа тlе хиина цхьогал. Стигала даьлла аьрзу, тlаьхь-тlаьхьа лакха айъалуш, гуонаш дохуш. Иштта стигалан lаьршашка хьалакхаьчна аьрзу, шен букьа тlе хаийна цхьогал а долуш. Малхана кlел хьалакхаччалц бохург санна lаьршашка хьала а дахана, кхин цкъа а нийсса хьала а хьаьдда, цlаьххьана шен ши тlам дегlана тlе талош, хьадарехь дегl дахдеш, тlулгал чехка лаьттехьа чухаккаделла аьрзу, дегlе шок тухуьйтуш. Букъа тlера хецаделла цхьогал, хlаваэхь хийзаш тlекlелдуьйлуш, лаьтта «дуссуш» хилла.

Дахана шен ши тlам баржош цхьогална юххе иккхина:

– Ала-дийца хlума дуй хьан, цхьогал, доттагlчуьнга? – аьлла аьрзуно.

– Дийца хlуманаш-м, хьо даха, дара сан,– жоп делла цхьогало, вуьшта, мlараш дlатаса, меттиг яц-кх...

Дlаяздинарг–Кибиев Мусбек

Кагерманов Докка

Цкъа а дий ца лора

ГІашлойн новкъа сихха школе доьлхуш дара бераш. Хьалхаваьлла воьду Іалавди, хьарчийна деакІов нисдина Іуьллучу газетах кога Іуттуш, сецавелира: «Хьовсийша, хІара хІун ю»? – берашка а олуш.

Газета схьадаьстича гучуделира паспорт а, пенсин книжка а, пхи туьма ахча а.

– Декъий вай! Вай а пхиъ ву, ахча а вайна цхьацца туьма кхочу! –эккхийтира Нурдис.

Цу хенахь паспорта тІе хьоьжуш лаьттачу



Іалавдис, цо ахчанна тІекховдийна куьг оьгІазе духа а тоттуш, элира:

– Мичахь ду хьан пионеран сий? Баха а бохий ахь!..

– Дера-хІета! – тІечевхира накъостий а.

Нурди вагийча санна, вухавелира, цІий а велла.

– Со хІинцца, долчуьнга ахчий, документашший дІа а делла, ведда вогІур ву. Шу тІаьхьа а ца дуьсуш, дІадуьло школе, – берашка а аьлла, Іалавди, ма-ваххалу хьаьдда, новкъа охьавахара.

ДІасахьоьжуш Іалавди тІекхечира шена карийначу паспорта тІерачу адресна. ДІахьаьжча цІенна догІа тоьхна хилар хиьна, кертахь адам ца гина, яздина цхьа кехатан цуьрг неІара юккъе а лаьцна, Іалавди кех ваьлла, дІавахара.

Шайна ахчий, документашший карийначу кхачале, цуьнан бІаьрг кхийтира, охьа а теІаш лелачу йоккхачу стагах.

И ю-кх и! – хазахетта ша-шега а олуш, ведда тІевахара иза…

– Де дика дойла хьан, баба! Хьуьллахь тхуна карийра хьан ахчий, документашший. ДІаэца.

Аьтту буйнара Іаса лаьттах гІортийна, букара букъ ма-хуьллу хьала а нисбеш, цхьа шен йоцу хІума цо шега луш санна, Іалавдин бІаьрахьаьжира йоккха стаг, иза дІа а оьцуш. Газета схьа а даьстина, туьма кховдийра йоккхачу стага: «ХІан, хьанал ду хьуна, дукхавахарг!»

– ХІан-хІа! ХІан-хІа, со ахча далийта ца веана. Со пионераша ваийтина. Іодика йойла, баба! – чехкка дІахьаьдира Іалавди.

– Хьенан ву мукъа а дийцахьа? – мохь

туьйхира йоккхачу стага. Амма Iалавдина ца хезира, иза генаваьллера. Йоккха стаг меллаша школе яхара, цунна тIаьххье.

Цунна дуьхьал а бетталуш, перемене арауьдуш бара дешархой. Хьаьжа тIе куьг а лоьцуш, леррина берашка хьоьжуш йоккха стаг гича, хIетта араяьллачу 4-чу классан хьехархочо, де дика а деш, хаьттира:

– Баба, ахь мила лоьху?

– Цхьа кIант лоьхура ас-м.

– ЦIе хIун ю цуьнан? Цхьа вон хIума-м ца дина?

– ХIан-хIа. Мелхо а цо динчу диканна баркалла ала йоллура-кх. ЦIе а ца йийци, ахча дIа а ца ийци. Со баркалла ала а ца кхуьуш, ведда школе схьавеара-кх иза…

– И мила ву хIинца суна хаьа хьуна, баба, сан дешархо Iалавди ву. Бераша дийцинера суна, иза ахча а, документаш а дIадала вахар. Класса чохь ву и.

– Гайтахьа суна, дукхаяхарг, и кIант, – элира йоккхачу стага.

–Йоло, дера, гойтур ву, баба, – улле яьлла пхьарс а лаьцна, класса чу йигира иза Асет Абуевнас.

«Ахча ца тоьъна я кхин хIума галдаьлла йогIу техьа?» – дагатесира Iалавдина, йоккха стаг гучуяьлча. Делахь а, елаелла шен хьехархо а, йоккха стаг а гича, сапаргIатделира.

– Баркалла хьуна, Iалавди! Баркалла! Пенси схьа а эцна, цIа йоьдуш охьадоьжна хиллера сан ахча а, кехаташ а. Массанхьа а со леллачухула хьоьжуш, догдиллина яьллера со. Баркалла! Цхьана ямартчу буйна ахча кхаьчнехь, дайна даьллера, – елхар иккхира йоккхачу стаге.

«Цхьана ямартчу буйна кхаьчнехь» цо аьлча, бераш Нурдин бIаьра хьаьвсира дерриш а: «Хьо ву хьуна цо вуьйцург!» – бохуш санна, Нурдина шен коьртах цIе яьлла моьттура. Иза кхохкийна лаьттара, лаьтта а хьоьжуш.

Перемена чекхйолуш, йоккха стаг, Асет Абуевниний, берашний баркалла а аьлла, дIаяхара, шен бераллин, таханлерчу ирсечу берийн ойла а еш.

Цу дийнахь йоккха стаг, воI а , йоI а йоцуш, цхьа Iаш хилар хиъна, IалавдигIар цунна гIо дан боьлхура кест-кеста. Цхьаболчара дечиг доккхура, вукхара генна Орган тIера хи дохьура, кхидерг дора. Цунна уьш шен

доьзал санна хетара хIинца, бахка хьебелча, са а гатлуш...

Берийн чIогIа самукъадолура, йоккхачу стага шира дийцарш, туьйранаш дуьйцуш, къаьсттана Даймехкан тIам тIехь вийначу шен шина кIентан сурт а гойтуш, цу шимма шега кхехьийтина кехаташ а доьшуьйтуш, хабар дуьйцучу хенахь.

– ХIара Дауд ву, – гойтура цо эпсаран чинехь а, пхи медаль хьалха йоллуш а волчун сурт – воккхахверг, ткъа хIара – Дауд ву, – дIалора старши сиржантан сурт, – бутт юкъа ца болуш, ший а вийна. Со юьхькIайн ю цара шайн дахар, Даймохк а, вайн ирс а лардеш, дIадаларна...

Цкъа шаьш йоккха стаг йолчу доьлхуш, бераша дуьхьалкхеттачу Нурдига элира, саца а вина:

– Нурди, хьо хIунда ца вогIу тхоьца? Ма чIогIа юьстахвуьйлуш ву хьо?

– Со муха вогIур ву. Аш дIадийцина хир ду...

Нурдина боккъал а моьттура цара шайн

дай-наношка а, йоккхачу стаге-м муххале а ша «ахча декъий вай» алар дIадийцина хир ду. Ша дIавоьдуш гинчохь бераша шена тIаьхьа пIелгаш хьежадо мотталой, хебаш, къайлавала сихлора иза. Вуьшта цунах лаьцна цхьанххьа а бераша дийца-м ца дийцинера.

– Тхо эладита лелош ду-м, ца моьтту хьуна. Бакъду, тхо хьуна оьгIаздахнера хIетахь. Схьахетарехь, хьо дохковаьлла цунна. Иза дика ду.

– Эзарзза дохко ваьлла со. Амма аш гечдийр дац суна. Шу тешар дац сох, – элира Нурдис, гIелвелла.

– Тешар ду. Гечдо хьуна. Вало тхоьца, – шайца йоккха стаг йолчу вигира Нурди бераша.

ТIебазбелла эхьан тхов нийсархоша дIаайъича санна хеташ, шех кхаьрдаш, цара ша дIатесна цавитарх воккхавеш вара иза чIогIа.

Бакъду, цкъа а диц-м ца лора Нурдина шегара даьлла гIалат.

Георгий Ладонщиков

ЖИМА ІУ

Йовхо хьаьхна, кегий гІезаш
Лелха ерриш Іома чу.
Уьш, неканца хи тІехь лелаш,
Бамбин шарех тера ю.

Самукъне ду даьхна кІорнеш,
ГІезийн къамел зевне ду.
ТІехула-м ду, туьйсуш гонаш,
Лаккха стиглахь куьйра гуш.

Куьйранех со эшац кхера:
Куьйранаш сох кхоьру шаьш…
Ву со тхешан бабин гІезаш
Даггара яжош, Іалашъеш.

Гочйинарг– Осмаев Асламбек

Хасиев Ахьмад

Жимачу Салидан илли

Со дадина гIур ма ву,
Баба йолчу гIур ма ву.
Дад – да – ра – а.

Дадас лакха хьалакхуьйсуш,
Бабас чIогIа мара къуьйлуш,
Шайн ирсах уьш баккхийбебеш,
Церан дегнаш хьоьстур ду,
Суна дукха безаш бу.
Дад – да – рари – рад – да – да – а.

Со дадина гIур ма ву,
Баба йолчу гIур ма ву.
Дад – да – ра – а.

Беша ваьлла цIарцIарш кхобуш,
Тарсал санна, стоьмаш лехьош,
«Пипи» хьоьстуш, яржош, Iенош,
Ловзуш, бабас дов дийр ду,
Дадас тIехьа лачкъор ву.
Дад – да – рари – рад – да – да – а.

Со дадина гIур ма ву,
Баба йолчу гIур ма ву.
Дад – да – ра – а.

Ага техкош, илли олуш,
Деле дукха вахор доьхуш,
Ийманехь кхиаве бохуш,
Бабас декъал вийр ма ву,
Дадас гIиллакх Iамор ду.
Дад – да – рари – рад – да – да – а.

Махмаев Жамалдин

БЕРАША ОЛУ...

Хорбазаш хуьлу бутт

Сулимина шеран беттанийн цIераш Iамош яра йиша Румани:

– Хьалхарниг – январь, шолгIаниг – уггаре шийланиг – февраль, ло деша бутт – март, ялташ дIадоьн бутт – апрель, зезагаш хуьлург – май, – бохуш.

Сарахь гIалитIера цIа деара дай-наний, эцна хорбазаш а яхьаш.

– Дада, – элира Руманис, – вайн Сулимина беттанийн цIераш а хаьа хьуна.

– Бакъ боху, иштта хила веза! – хастийра дас, – цхьа шо даьлча, школе ваха везаш ма ву хьо. Алал, Сулима, хIинца хIун бутт бу?

«Август» ала халахетара цунна, дицлора атта. Ойлане ваьллачу кIантана гира нанас шуьн чохь йохийна йоккха цIен хорбаз.

– Хорбазаш хуьлу бутт бу-кх!– элира Сулимас.

IиндагI хьоьшуш

Воьлхуш чу веара Ислам.

–Хьуна хIун дина? Хьан тоьхна?

–Цхьаммо а ца тоьхна.

– ТIаккха хIунда воьлху хьо?

– Селам ву-кх сан IиндагI хьоьшуш… Дистхила цахаарх къа дац цуьнан?

Школе воьдучо кампеташ ца юу?

Сулима сатийсарца хьоьжуш ву, базарара цIа еанчу шен нанас тIоьрмиг бассош. Цу чуьра схьа ца йоккхуш хIун ю: чай, туьха, шекар. Цаьрца кампеташ а хила езара, амма, кIанта мел сатийсарх, гучуйовлуш яц уьш.

– Кху шарахь школе воьдуш ма ву хьо, – хьаьстира Сулима нанас, сийна мужалташ йолу тетрадашший, хаза ручкий, къоламашший цуьнга дIа а кховдош, – хIорш хьуна оьшур йолуш ю. Важаерш а оьцур ю. Дика дешалахь, сан бекъа!

Уьш еана-м хазахеттера Сулимина, делахь а, хIинца цунна езарг кхин яра…

– Мама, – элира кIанта, лерина нене а хьажна, – школе доьдучу беро кампеташ юуш ца хуьлу?

Бераш! Басаршца кечде хlара сурт.



Хаар-зер



ХIоттийнарг – Закриев Iиса

Охьанехьа:

1.Говран кIужал. 3.ХIумнаш юкху чоь. 5.ГIезийн месийн кIеда... 7.ПIераскан дийнахь жамIатца деш долу ламаз. 9. Беза тIулг. 10. Буц хьокху гIирс. 11.Дика накъост.

Пурхнехьа:

2. Литературехь адаман кхуллу сурт. 4.ТIергIан кетар лелош долу хьайба. 6.Вайн кетIара лекха дитт. 8.ЧIурамаш а, накхармозийн цIа а до цунах. 9.Кертан Iу. 10.ТIехь бай болу шера меттиг. 12. ДегIан меже.

Жоьпаш: кхес, мукъа, гlайба, руzба, жоехар, манзал, боттаl; васм, уьсмаl, акхмарг, балоз, жlаьла, майба, носм.

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКА. ГАУ «Детский журнал «СтелаIад», № 7, 2018. Журнал арадолу 1986 шарахь дуьйна.
Редакцин адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Н.Назарбаевн урам, 92.
Журнал диллинарг: Нохчийн Республикин къаьмнийн политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство. Министерствон адрес: 364060, Соьлжа-ГIала, Дудаевн бульвар, Радион цIа.
Журналана регистраци йина 2014-чу шеран 5-чу февралехь федеральни службин Нохчийн Республикехула йолчу зIенан а, шуьйрачу коммуникацийн а декъехь тергойран Урхаллехь.
Регистрацин хьокъехь тоьшалла ПИ № ТУ 20–00090.
Сайташ: stelaad.ru; Instagram stela1ad_95; stelaad86@mail.ru. Журнал кхаа баттахь цкъа арадолу.
Журнал электронни кепехь баттахь цкъа арадолу.
Коьрта редактор – А.М. Бексултанова.
Коьртачу редакторан гIоьнча Д.М.Адамов, жоьпаллин секретарь А.А.Абдрахманова.
Редколлеги: Д. Кагерманов, Л. Абдулаев, З. Алиева, М. Ахмадов, М. Бексултанов, О. Джамбеков, З.Ш. Мугаева.
Дизайн а, верстка а – З.Э. Нухаеван. **Мужалта тIехь** – Турашева Хадижатан сурт.
Номер кечйина 2018-чу шеран 20-чу июлехь. Зорбатоха бакъо елла 2018-чу шеран 25-чу июлехь.
Арадаьлла 28-чу июнехь. Барам 60х90 1/8. № 1 йолу офсетни кехат. Офсетни зорба. Тираж 2 000. Заказ № ___.
Зорбатоьхна ПЗП «Грозненский рабочий», 364021, Интернациональни урам, 12/35.

6+

Бинна мах